

Kèk Ti Konsèy pou Fè yon Mamogram

**Tips for Getting a
Mammogram**

TM



Kèk Ti Konsèy pou

- Pran sèvis yon sant medikal ki espesyalize nan mamogram epi ki fè anpil mamogram chak jou (omwen 3 a 5). Mande pou wè sètifika FDA ki montre si sant medikal la satisfè prensip pou bay sèvis kalite siperyè.
- Si ou satisfè avèk sant medikal la, kontinye pran sèvis ladan yon fason pou ou kapab konpare mamogram ou fè yo ant ane ak yon lòt ane.
- Si ou te fè mamogram nan yon lòt sant medikal, ou ta dwe eseye jwenn mamogram sa yo pou ale avèk yo nan nouvo sant medikal la (oswa ou kapab lòt sant medikal la voye yo nan nouvo a) yon fason pou nouvo sant medikal la kapab konpare ansyen mamogram yo avèk nouvo yo.
- Si ou prale nan yon sant medikal pou premye fwa, pote yon lis kote ak dat mamogram, byopsi, oswa lòt tretman tete ou te fè anvan.
- Nan jou egzamen an, pa mete dewodoran, poud, oswa krèm anba bra ou. Kèk nan pwodui sa yo gen sibstans ladan yo ki kapab parèt nan radyografi a kòm tach blan.
- Li ka pi fasil pou ou pou mete yon jip oswa pantalon, yon fason pou ou bezwen retire kòsaj ou ak soutyen ou sèlman pou fè mamogram nan.
- Pran randevou pou mamogram ou lè tete ou pa sansib oswa lè yo pa anfle pou ede redui risk pou gen malèz epitou pou gen yon bon kalite imaj.
- Yon teknolojis ap mete tete ou nan pozisyon pou mamogram nan. Pifò teknolojis yo se fanm. Oumenm ak teknolojis la ap sèlman moun k ap nan chanm nan pandan mamogram nan.

Fè yon Mamogram

- Tout pwosedi a ap pran apeprè 20 minit. Y ap peze tete ou nan mitan de plak plastik. Vrè konpresyon tete a ap dire kèk segonn sèlman.
- Ou ka santi yon ti malèz oswa menm doulè lè y ap peze tete yo. Si ou gen doulè, fè teknolojis la konnen sa pou li kapab eseye fè konpresyon an pi alèz pou ou. Malèz la ta dwe dire kèk segonn sèlman.
- Si ou pa tandè doktè ou anvan 10 jou, pa sipoze rezilta mamogram ou nòmal. Rele doktè ou oswa sant medikal la si ou pa resevwa rezilta ou.

Sèlman apeprè 2 a 4 mamogram depistaj sou chak 1,000 mamogram depistaj lakòz doktè dekouvri kansè nan tete. Apeprè 1 fanm sou chak 10 fanm (10%) ki fè yon mamogram ap bezwen fè plis tès, men pifò fanm yo ap bezwen yon lòt mamogram sèlman. Pa panike si sa rive ou. Sèlman apeprè 1 sou chak 10 fanm (8% a 10%) ki bezwen fè plis tès ap bezwen fè yon byopsi, epitou pifò nan byopsi yo (apeprè 8 sou chak 10, oswa 80%) p ap montre fanm nan kansè.

Written June 2015

Kèlkeswa moun ou ye a, nou kapab ede ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nou gratis nen-pòt lè, lajounen kou lannwit, nan nimewo 1-800-227-2345. Nou gen entèprèt ki disponib. Nou gen yon sitwèb ki ekri nan lang Anglè tou nan www.cancer.org.



Se Making Strides Against Breast Cancer ki te bay lajan pou enprime dokiman sa a.